




Odyans Piblik

Redesine Rezo Otobis Bronx Select Bus Service ak Limite, Lokal

Enfòmasyon sou Aktivite Odyans Piblik

Jedi, 20 Fevriye 2020

Odyans lan ap Kòmanse: 6 PM

Peryòd Enskripsyon: 5 PM pou rive 8 PM

The Bronx Museum of the Arts
1040 Grand Concourse
Bronx, New York 10456
Sal: South Wing, Lower Gallery

Tren: 161 St – Yankee Stadium **B D 4**
167 St **B D**
167 St **4**
Otobis: Bx1, Bx2, Bx32

The Metropolitan Transportation Authority (MTA) pwpoze pou redesine yon plan final nan rezo Bronx Bus pou fè sèvis la vin pi rapid ak pi fyab. Nap òganize reyinyon piblik sa a pou rasanble kòmantè final yo sou Select Bus Service ak limite, lokal. Si konsèy MTA a apwouve l, enplemantasyon an aktyèlman ap vize pou otòn 2020. Chanjman nan sèvis Otobis Eksprès ranvwaye. Yo pral pibliye pwopozisyon pou Otobis Eksprès nan fen ane sa a.

Kisa Redesine Rezo Otobis Bronx la ye?

Rezo Otobis Bronx la pa t chanje anpil nan dènye deseni ki sot pase yo, malgre gwo kwasans ki te genyen nan awondisman an depi 2010. Ogmante konjesyon nan anbouteyaj, pami lòt bagay, ralanti otobis yo ak degrade fyabilite sèvis yo pou kliyan otobis nou yo. Rezo redesine Otobis Bronx lan adrese faktè yo ki kontribye nan vitès ralanti ak mank fyabilite. Li fè wout otobis yo senp ak pi dirèk, ranfòse koridò kle lès-lwès yo, ak ogmante koneksyon. Amelyore espas nan arè otobis yo ak chanjman orè pral pi byen matche sèvis otobis yo pou modèl pasaje yo. Pou w aprann plis sou chanjman ki pwopoze yo nan wout otobis ou, ak orè yo isit la:

<https://new.mta.info/bronxbusredesign>

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pou enskri alavans pou Pale, oswa pou Soumèt Kòmantè

Moun ki vle yo tande yo dwe enskri alavans, swa sou sitwèb MTA nan new.mta.info, lè ou rele nan (646) 252-6777, oswa an pèsòn nan odyans lan. Temwayaj aloral ap limite a twa (3) minit sèlman. Ou ka prezante temwayaj aloral oswa remèt deklarasyon ekri pito oswa pou konplete temwayaj oral ki konsènen plan sèvis yo pwopoze Redesine Rezo Otobis Bronx. Nap aksepte imèl kòmantè yo sou entènèt. Ou ka soumèt kòmantè yo tou pa lapos nan: MTA Government & Community Relations, 2 Broadway, 20th Floor, New York, NY 10004. Yo dwe depoze tout deklarasyon alekri yo nan 8:00 p.m. nan dat 21 Fevriye 2020. Kòmantè nou resevwa apre dat ak lè sa pap konsidere nan dosye odyans ofisyèl la. Men, nou pral kontinye aksepte kòmantè piblik pandan tout pwosesis rekonsèpsyon an.

Aksè ak Sèvis Entèprèt



Odyans Piblik sa a te pwograme nan yon adrès ki toutafè ADA aksesib. Sèvis Entèprèt pou Panyòl ak Langaj Siy Ameriken pral disponib. Sèvis entèprèt pou lòt lang yo ap disponib sou demann, alavans nan anrejistreman pa pita pase 14 Fevriye 2020 lè ou rele telefòn Odyans Piblik la nan 646-252-6777 apati 6 am ak 10 pm chak jou.

